

Pwogram Ekonomize pou Kolèj Avi ak fòm pou refize patisipe (Opt-Out) pou paran ak responsab

OFFICE NOTE: FOR KINDERGARTENERS AND NEWLY ENROLLED FIRST GRADERS [11/1/2022]

Chè paran/responsab:

Depatman edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education, ("DOE")) fè kolaborasyon avèk òganizasyon ki pa la pou fè pwofi NYC Kids RISE, Inc. nan Pwogram NYC Kids RISE Save for College ("Pwogram"). Pwogram gratis sa a bay elèv ki kalifye lajan pou depans pou kolèj ak fòmasyon karyè ki kalifye. NYC Kids RISE bay 100\$ pou chak elèv nan Pwogram lan nan yon "Kont Bousdetid". Tou depann sou finansman, Vil Nouyòk ak DOE ap agrandi Pwogram lan ane sa a epi y ap mete lekòl pitit ou a ladan. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://nyckidsrise.org>.

Avi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou ki jan pou swa aksepte otomatikman mete pitit ou a nan Pwogram Kont Bousdetid la, oswa pran aksyon pou li pa patisipe. Yon lwa federal ki rele Lwa pou edikasyon fanmi ak Lwa sou vi prive (Family Educational Rights and Privacy Act) anpeche DOE pou pataje san pèmasyon, enfòmasyon ki ka idantifye pèsònèlman yon elèv. Sepandan, sof si ou di nou pa fè sa, DOE ka pataje kèk detay sou ou menm ak pitit ou. Detay sa yo rele "Enfòmasyon Anyè." **Pou patisipe nan Pwogram sa a, ni yon konpayi ki rele VistaShare bezwen Enfòmasyon Anyè pitit ou a.** Enfòmasyon Anyè se:

- Yon nimewo idantifikasyon inik elèv la pou pwogram lan
- Non konplè
- Dat nesans
- Adrès kay
- Si adrès kay li chanje
- Nimewo telefòn kay la
- Non lekòl la
- Klas elèv la ap fè kounye a
- Lang li pale lakay li
- Transfè ki fèt nan lòt lekòl, si genyen, ni andedan ni andeyò sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la

Yo bezwen enfòmasyon sa yo tou sou adilt pou jiska de paran / responsab pou chak elèv:

- Yon nimewo idantifikasyon inik paran pou pwogram lan
- Non konplè
- Adrès imèl
- Nimewo selilè oswa lòt telefòn

NYC Kids RISE travay avèk VistaShare pou konsève enfòmasyon sou patisipan, jere yon pòtal sou entènèt ak ofri sipò teknik. NYC Kids RISE ak VistaShare gen otorizasyon sèlman pou itilize oswa pataje Enfòmasyon Anyè sa a pou fè pwogram lan fonksyone ak pou evalye l. Yo pa otorize pou vann, itilize yo oswa pataje enfòmasyon ki nan anyè a pou okenn rezon piblisite, marketing oswa lòt rezon komèsyal.

Ki opsyon ou genyen?

1. **PA FÈ ANYEN si ou vle elèv ou a antre nan Pwogram Save for College la epi y ap mete 100\$ pou pitit ou a nan yon Kont Bousdetid.**
2. Ranpli fòm lan nan pwochen paj la si ou PA vle pataje Enfòmasyon Anyè pitit ou a. Sa vle di pitit ou pap patisipe ni li pap resevwa yon kont. Retounen fòm sa a bay sekretè lekòl ou a avan **12/16/2022**. Tanpri pale avèk kowòdonatè paran lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon sou fòm sa a.

Eske w gen kesyon sou pwogram lan? Rele liy sèvis kliyantèl NYC Kids RISE la nan 833-543-7473 oswa voye yon imèl nan SavingTogether@schools.nyc.gov.

Pwogram Ekonomize pou Kolèj Avi ak fòm pou refize patisipe (Opt-Out) pou paran ak responsab

Fòm pou refize patisipe (Opt-Out)

Ranpli fòm lan epi siyen l sèlman si w pa vle elèv ou a patisipe. Voye fòm lan tounen bay sekretè lekòl ou a avan 12/16/2022.

Kòm paran/responsab pitit mwen an, MWEN PA VLE yo pataje Enfòmasyon Anyè pitit mwen an. MWEN KONPRANN lè mwen kenbe Enfòmasyon Anyè sa a, yo p ap mete lajan pou pitit mwen an nan yon Kont Bousdetid epi pitit mwen PAP resevwa okenn lajan Kont Bousdetid la.

Klas elèv la:	Siyati elèv la:
Non lekòl la:	Klas ofisyèl elèv la: Nivo klas elèv la:
Non paran/responsab la:	Siyati:
Dat:	